

## GID POU PARAN YO POU LANG AK LITERATI ANGLÈ KLAS 8YÈM ANE

### Preparasyon Timoun Florida Pou yo Gen Yon Bèl Avni



Tout timoun Florida merite diplome nan lekòl segondè avèk konesans ak ladrès yo bezwen pou yo reyisi nan kolèj, nan karyè yo chwazi ak nan lavi yo. Nan anpil ane ki sot pase yo, Florida te fè gwo pwogrès akademik. Men, nou konnen mache travay jodi a egzije elèv diplome nou yo pou yo gen pi bon panse kritik, pi bon ladrès pou yo rezoud pwoblèm ak pi bon ladrès pou yo kominike pase anvan. Prensip siperyè ki ankouraje ak motive elèv nou yo enpòtan.

Pou satisfè bezwen sa a, dirijan edikasyon nan eta Florida te amelyore prensip pou matyè akademik nou yo, pou yo kreye nouvo egzijans pou sa elèv yo bezwen konnen ak kapab fè. Prensip Florida yo la pou asire TOUT elèv yo reyalize pi gwo potansyèl yo—kèlkeswa sa chemen an ka ye.

Preparasyon pitit ou pou li reyisi kòmanse nan klas matènèl epi li kontinye pandan pitit ou ap vanse nan chak klas. Gid sa a ap sipòte paran ak fanmi ki gen timoun ki nan **klas uityèm ane**. Pou fè sa, gid la ap ede ou:

- **Aprann** Prensip Florida yo ak rezon ki fè yo enpòtan pou pitit ou.
- **Pale** avèk pwofesè pitit ou sou sa pitit ou ap aprann nan salklas la.
- **Sipòte** aprantisaj pitit ou nan fason pratik lakay ou.

### APRANN PRENSIP YO

Elèv Florida yo ap kontinye pratike anpil menm bagay yo te aprann nan klas uityèm ane—ansanm avèk kèk ladrès siplemantè enpòtan. Elèv **klas uityèm ane** yo ap aprann kalite leson sa yo:

- Analize kijan liy patikilye dyalòg oswa ensidan ki nan yon istwa oswa nan yon pyès teyat pouse aksyon, devwale aspè pèsonaj yo oswa pwovoke yon desizyon.
- Analize kijan yon travay fiksyon modèn bay konklizyon sou tèm, modèl oswa kalite pèsonaj nan lejann, istwa tradisyonèl oswa travay relijye.
- Evalye avantaj ak dezavantaj ki genyen nan itilizasyon medya yo pou prezante yon sijè oswa yon lide patikilye.



- Pran prèv yo nan tèks literè oswa nan tèks ki bay anpil enfòmasyon pou kore analiz, refleksyon, ak rechèch.



Chak timoun devlope nan ritm pa li. Aktivite ki nan gid sa a se gid ki rekòmande pou laj espesyal pou lespri jèn timoun k ap grandi.



Telechaje Prensip Florida pou Lang ak Literati Anglè pou Klas 8yèm Ane sou sitwèb [www.flstandards.org](http://www.flstandards.org)

#FLStandards  
Antre nan konvèsasyon an



## PALE AVÈK PWOFESÈ PITIT OU



Kounye a pitit ou rive nan klas uityèm ane, li ta dwe ap prepare li pou tranzisyon nan lekòl segondè. Rankont paran/pwofesè se yon bon moman pou konsantre sou egzanp travay elèv la epi pou pale sou fason ladrès elèv ou nan lekti ak kominikasyon paran pou lekòl segondè.

Mande pwofesè a bon liv ou ta ka li kòm yon fanmi ak sou sa li panse elèv ou ta ka travay pou amelyore ladrès li nan lekti ak boza.

## SIPÒTE APRANTISAJ LA LAKAY OU

Ou kapab ankouraje pitit ou aprann lang ak literati anglè lakay ou nan fason ki amizan pou ou ak pitit ou. Eseye lide sa yo apre lekòl, nan jou wikenn epi pandan vakans lete.



Ankouraje pitit ou pou li itilize charyo liv yo pou li fè yon premye chwa, yon dezyèm chwa ak yon twazyèm chwa pou li. Mande pitit ou pou li di ou pou kisa ak kijan chak videyo te fè yon liv sonnen enteresan. Ale nan bibliyotèk la pou prete epi li liv chwa prensipal sa yo



Ale sou sitwèb [www.powerpoetry.org](http://www.powerpoetry.org) pou li powèm lòt adolesan yo ak powèt selèb yo ekri.



Itilize “Just Read, Florida,” yon resous Depatman Edikasyon Florida (Florida Department of Education) finanse sou sitwèb [www.justreadflorida.com/recommend/PublicDisplay.asp](http://www.justreadflorida.com/recommend/PublicDisplay.asp).



Prepare epi fè yon sware deba an fanmi sou yon sijè ki konsène ou. Entwodui prensip rezonman nan diskisyon ki pi enfòmèl avèk adolesan ou.



Ankouraje pitit ou pou li wè, konprann epi eksplike toulède aspè sityasyon yo oswa konfli yo.



Jwenn epi afiche yon mo semèn oswa mwa fanmi an. Aprann mo a, epi itilize li nan konvèsasyon yo youn avèk lòt, epitou itilize li nan kominikasyon alekri lè gen okazyon pou sa. Visiten con frecuencia la biblioteca pública local. Permite que su hijo lo vea elegir, sacar y disfrutar de los libros de la biblioteca.



Ale souvan nan bibliyotèk piblik lokal ou. Kite li wè w ap chwazi liv, kite li wè w ap prete liv epi kite li wè ou renmen liv.



Travay avèk pitit ou pou kreye yon rezime ak yon pòtfolyo pèsonèl epi pratike fason pou ranpli aplikasyon yo sou fòm elektwonik.

Pale avèk pwofesè pitit ou avèk direktè lekòl li pou ou aprann pi gwo lide pou sipòte aprantisaj li lakay ou.  
**Telechaje Prensip Florida pou Lang ak Literati Anglè ak lòt resous pou paran yo sou sitwèb [www.flstandards.org](http://www.flstandards.org)**

Ou gen kesyon? Kontakte [JustforParents@fldoe.org](mailto:JustforParents@fldoe.org)